



5 Premye Bagay pou Konnen sou Vòt Antisipe ki fèt An Pèsòn

Men repons pou senk kestyon moun poze souvan sou vòt antisipe ki fèt an pèsòn nan Eleksyon Primè yo:

1. KISA KI VÒT ANTISIPE KI FÈT AN PÈSÒN LAN?

Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki enskri yo depoze bilten vòt yo **an pèsòn, sou yon aparèy pou vote, pandan yon peryòd twa jou avan Jou Eleksyon an.** Ou kapab chwazi pou ou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè ou.

2. KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ NAN VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

- Kèlkeswa kote ou abite nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt nan biwo vòt ki deziyen pou sa nan konte **paw** pou vòt antisipe an pèsòn.
- Chèche jwenn biwo vòt nan konte ou nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

3. KI LÈ MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

- Biwo vòt pou vòt antisipe an pèsòn yo pral ouvri **vandredi 2 jwen jiska samdi 4 jwen.**
- Lè ouvèti yo pral **vandredi-samdi, 10:00 a.m. - 8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m. - 6:00 p.m.** Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè yo ki genyen andikap.

4. E SI MWEN TE TOUJOU VOTE NAN LAPÒST, MEN KOUNYÈ AN MWEN VLE FÈ VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN PITO?


- Si ou se yon elektè ki enskri pou vote nan lapòst nan Eleksyon Primè 2023 an, ou kapab depoze bilten ou pandan peryòd vòt antisipe an pèsòn lan **oubyen** nan jou eleksyon an avèk yon **bilten pwovizwa** yo pral ba ou nan biwo vòt antisipe oubyen nan biwo vòt ou. Aprann plis enfòmasyon sou bilten pwovizwa yo nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

5. ÈSKE MWEN TOUJOU KAPAB CHWAZI PAMI LÒT OPSYON POU VOTE?

Wi. Ou kapab olye de sa chwazi pou ou:

- **Vote an pèsòn** nan biwo vòt ou, a pati de 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan dat Jou Eleksyon an, 6 jwen.** Dispozisyon pral pran pou akomode elektè yo ki genyen andikap. Vizite sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn biwo vòt pa ou, ki sou paj list Sit Biwo Vòt lan.
- Oubyen, fè demand pou yon **bilten pou vote-nan-lapòst** epi retounen li nan youn nan fason sa yo...
 - 1... *Nan Lapòst:* Se pou li genyen kachè ki make pou pi ta 8:00 p.m. Nan dat 6 jwen epi se pou yo resevwa li nan Konsèy Eleksyon konte ou an pou pi ta nan dat 12 jwen.
 - 2... *Bwat Depo Bilten Sekirize:* Depoze li nan youn nan bwat depo bilte sekirize konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 6 jwen. Ou kapab wè kote bwat depo yo sitiye sou sit **VOTE.NJ.GOV**.
 - 3... *Biwo Konsèy Eleksyon:* Depoze li an pèsòn nan Biwo Konsèy Eleksyon konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 6 jwen. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Eleksyon nan Konte an sou sit **VOTE.NJ.GOV**.

NÒT: Bilten pou vote-nan-lapòst yo PA KAPAB depoze nan biwo vòt antisipe oubyen biwo vòt ou an.



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov

